

KISA DEPÒTASYON YE?

Depòtasyon se lè yo voye yon moun ki pa yon sitwayen ameriken tounen nan peyi li. Yo rele depòtasyon «**removal**» tou. Depòtasyon fèt apre Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP) arete yon moun epi kenbe li si li toupre fwontyè Etazini an. Oswa apre Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) arete yon moun epi kenbe li si li andedan peyi Etazini. Souvan yo pa pèmèt moun yo depòte yo tounen nan peyi Etazini anvan lontan. Pafwa yo pa pèmèt yo tounen ditou. **Nenpòt moun ki pa yon sitwayen ameriken ka depòte.**

PWOSESIS ARETE POU DEPÒTASYON

Pifò moun yo depòte apre yo te kondane pou yon krim. Gouvènman Ameriken an konsantre sou imigran ki komèt krim paske, li di, moun sa yo se yon risk pou Ameriken yo. Men, se pa verite a. ICE travay kole kole ak ajans polis lokal yo pou jwenn imigran yo te arete epi yo depòte yo. Sa a te kreye yon sitiasyon kote yon arestasyon pou menm yon ti krim san vyolans ka mennen dirèkteman nan depòtasyon. Arestasyon trè danjere pou yon imigran.

Akoz sistèm polis rasis nou an, yo arete moun Nwa yo pi plis pase nenpòt lòt moun nan peyi Etazini. **Sa vle di gen plis risk pou imigran Nwa yo.**

SI YO ARETE OU...

Konnen ke ou gen dwa!

- Ou gen dwa pou w fè silans. Ou pa oblije di lapolis oswa nenpòt lòt moun ki mande kote ou fèt.
- Ou pa oblije siyen okenn dokiman. Pa siyen okenn papyè sof si ou konprann egzakteman sa yo ye.
- Si ou pa konprann angle, ou ka mande yon entèprèt.
- Ou pa oblije pale ak okenn ofisye ICE pandan w nan prizon. Mande tout moun ki pale avèk ou idantifye yo.
- Ou gen dwa jwenn yon avoka pou dosye kriminel ou. Avoka w la dwe di w kijan dosye kriminel ou a ka afekte estati imigrasyon w.

KIJAN LAPOLIS AK ICE TRAVAY ANSANM?

ICE pa ka depòte pèsonn jiskaske yo jwenn yo e yo reyalize yo ka depòte yo. **Zouti ki pi enpòtan ICE genyen pou ede yo jwenn imigran yo se koperasyon lapolis lokal yo.**

Ajans lapolis yo souvan chwazi pataje anpil enfòmasyon ak ICE, tankou ki moun yo te arete ak ki moun ki pa yon sitwayen ameriken. Ofisye ICE yo ka anndan prizon lokal yo pou yo pale ak prizonnye yo. Lapolis lokal yo ka deside kenbe imigran yo pou ICE, epi yo ka fè ICE konnen ki lè yo pral lage yon moun ki pa sitwayen pou ICE ka vin chèche yo. Gen kèk ajans lapolis ki tcheke chak anprent yo pran nan baz done ICE la, ki fè ICE konnen chak fwa yon imigran gen pwoblèm ak lapolis. Cherif lokal yo ka dakò pou yo fè ofisye lapolis yo aji menm jan ak ofisye ICE, sa ki bay lapolis la nouvo pouvwa epi fè ICE jwen plis imigran.

Sa yo se sèlman kèk nan plizyè fason ajans polis lokal yo travay pou ede ICE jwenn epi depòte moun.

LI KA POSIB POU GOUMEN KONT YON LÒD DEPÒTASYON, ,

men gen anpil etap epi li difisil. Ou dwe jwenn yon avoka ki ka ede w aplike pou anilasyon depòtasyon, azil, sispansyon depòtasyon, oswa pwoteksyon anba Konvansyon kont tòti (CAT). Men, sa a ka trè konplike, epi li ka trè difisil pou jwenn yon avoka pandan w nan detansyon.

Patisipe nan rankont Sipò Pou Azil Vityèl BAJI Chak De Semen ak ekip Legal BAJI a! Eskane kòd QR la oswa vin jwenn nou nan
[HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/bajiasylumclinics). EMAIL Juharah@BAJI.org pou dat ak lè.

